

Tout moun merite genyen yon opòtinite pou benefisye ledikasyon ki gen bon kalite ki ofri yon djòb estab, ki bay ase lajan pou pèmèt nou sipòte fanmi nou jiska laretrèt ak pou kenbe fanmi nou an bòn sante. Se pou sa **United Way konsantre sou ledikasyon, revni ak lasante – blòk konstriksyon ki pèmèt moun bati yon lavi ki agreyab.**



## Patnè nou yo

### Bank of America

Anplis Bank of America se youn nan premye patnè ki fonde United Way Center for Financial Stability, sipò bank la ede kominote yo grasa òganizasyon karitatif, asosyasyon benevòl, inisyativ pwoteksyon lanviwònman, prè pou finanse devlopman kominotè e pratik komèsyal ki responsab se yon investisman nan siksè alontèm li kòm biznis. Jodi a, bank la ap reyalize twa (3) objektif enpòtan pou pwochen 10 lane yo pou kapab amelyore lasante ekonomik ak dinamism kominote l ap sèvi yo : yon prè pou finanse devlopman kominotè ki pou \$1,5 trilyon dola ak yon objektif investisman ki konsantre sou lojman ki bon mache, kwasans ti biznis yo ak lòt inisyativ pou devlopman ekonomik; yon objektif filantwopik pou envesti \$2 milya dola nan òganizasyon ki pa pou fè pwofi ki angaje yo anfavè ranfòsman katye yo; ak yon pwojè \$20 milya dola pou pwoteksyon lanviwònman an pou eseye rezoud pwoblèm chanjman klimatik la. Bank of America gen anpil pwojè : fè sa pi fasil pou moun achte yon kay e pou yo pa pèdi li grasa prè ak investisman ki responsab, ankouraje nouvo ekonomi a ki pa baze sou petwòl e founi aksè nan ledikasyon, lidèchip, boza ak opòtinite kiltirèl. Bank of America dakò li enpòtan pou tout aksyonè ak anplwaye labank la ansanm ak pou rezilta komèsyal konpayi a pou kominote yo an bòn sante.

### Bank of America



### South Florida Urban Ministries

United Way of Miami-Dade chwazi South Florida Urban Ministries (SFLUM) kòm operatè sant la. SFLUM bay moun posibilite pou jwenn pwosperite grasa yon devlopman global lajènès, devlopman ti biznis yo ak ministè pou redwi kantite moun ki grangou nan Sid Eta Florid. Depi 1973, SFLUM te kolabore avèk legliz ka òganizasyon pou devlope ministè lakonpasyon ak lajistis. Sant la pral etabli nan Sant kominotè SFLUM (SFLUM Community Center) la.



*Remèsyman espesyal pou Human Services Coalition ki koumanse konsyantizasyon sou inpòtans establiite finansyè e ki bati fondasyon pou anpil inisyativ kominotè.*

**Ede nou travay avèk moun ak fanmi pou jwenn siksè ak endepandans ekonomik**



## United Way Center for Financial Stability


United Way kreye Sant pou Estabilite Finansyè a pou ogmante travay nou fè nan domèn revni, espesyalman akòz ekonomi a ki sitèlman difisil. Sant la, pa gen de tankou l, ofri anpil kalite sèvis ak sipò pou ede moun ki travay ak fanmi yo jwenn endepandans ekonomik alontèm ak establiite finansyè.

### Jwenn establiite finansyè

Prèske yon-tyè (1/3) Ameriken ki travay pa touche ase lajan pou satisfè bezwen yo. Yo pa gen posibilite pou fè plan alontèm tankou ekonomize pou inivèsite oswa achte yon kay poutèt yo depanse tout salè yo nèt chak mwa.



**United Way Center for Financial Stability konsantre sou yon kad travay an twa (3) etap pou ede moun sa yo jwenn establiite finansyè alontèm:**



Sant la founi zouti ak resous ki nesèsè pou ede moun optimize revni yo (**1ye Etap**), ki se yon etap esansyèl pou jwenn establiite finansyè. Li pèmèt yo non sèlman kouvri tout depans yo chak jou, men yo kapab jwenn lajan anplis pou kòmanse pwosesis alontèm pou mete lajan sou kote (**2yèm Etap**). Lè y ap kòmanse ekonomize, moun sa yo ap nan yon pi bon pozisyon pou mete lajan sou kote ak pwoteje byen yo (**3yèm Etap**) tankou achte yon kay, kòmanse yon biznis oswa ekonomize pou inivèsite oswa pou retrèt yo.

### Yon apwòch ki pèsonalize

Tout kliyan yo ap resevwa yon asistans ki pèsonalize nan men youn nan enstriktè finansye sant la, ki pral adapte sèvis yo pou kontre ak bezwen finansyè espesifik kliyan yo. Genyen etid nasyonal ki montre modèl sa a kapab bay rezilta ki klè ak alontèm. Chak enstriktè pral siveye pwogrè kliyan yo e founi sipò ak oryantasyon pandan tout dire pwogram la. Chak kliyan pral resevwa :

- *Premye evalyasyon finansyè* – Enstriktè finansyè a pral rasanble enfòmasyon e decide ki bezwen chak kliyan yo genyen.
- *Plan establiite finansyè pèsonalize* – Pandan n ap travay tèt ansanm, kliyan an ak enstriktè finansyè an pral devlope yon plan global pou fikse objektif yo e pou chwazi referans ki nesèsè yo pou atenn yon establiite finansyè.

Depi plan establiite finansyè a an plas, kliyan yo ap jwenn aksè nan divès kalite sèvis sant la, ak plis ke 14 lòt patnè nan kominite a ki gen pwòp espètiz pa yo. Pami sèvis sa yo genyen :

- edikasyon finansyè
- kont devlopman endividyèl
- oryantasyon pou kredi
- preparasyon dokiman gratis pou peye taks yo
- enskripsyon pou benefis
- sèvis anplwa, ki gen ladann fòmasyon pwofesyonèl, konpetans pou pase entèvyou ak preparasyon yon rezime (CV)
- seminè ak trening sou zafè finansyè
- lòt sèvis pou ranfòse byen yon moun genyen

### Patnè nan kominote a kap bay sèvis nan sant la:

ACCION USA – Florida  
Consolidated Credit Counseling Services  
Consumer Credit Counseling Services/Apprisen  
Financial Advocates  
Cuban American National Council  
Financial Planning Association  
Lakeview Elementary School  
Little Haiti Housing Association  
Neighborhood Housing Services of South Florida  
South Florida Workforce  
Switchboard of Miami  
War on Poverty  
WorkSquare  
Youth Co-Op  
YWCA of Greater Miami

### Orè travay biwo yo

Lendi – Vandredi 9è lematen rive 6è leswa

**Fòmasyon yo:** Yo òganize fòmasyon leswa ak lèsamdi, tcheke pèsònèl sant la pou kapab jwenn dat ak lè espesifik yo.

### United Way Center for Financial Stability

11500 Northwest 12th Avenue  
Miami, Florida 33168-6217  
Telefòn : (305) 688-3551  
Faks : (305) 688-3556  
[www.unitedwaymiami.org/financialstability.asp](http://www.unitedwaymiami.org/financialstability.asp)

